ҳәдийселерди тәрийиплеў, түсиндириў ҳәм болжаў, яғный кең түрде - барлық нәрселерди теориялық жақтан сәўлелендириў болып табылады.

Илимлер классификациясын ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде философия докторы (PhD) ҳәм илим докторы (DSc) дәрежеси берилетуғын 23 бағдар дизимине қарай баҳалаў мүмкин; Физика-математика, химия, геология-минералогия, техника, аўыл хожалығы, тарийх, экономика, философия, филология, география, юридикалық, педагогика, медицина, фрамацевтика, ветеринария, көркем өнер, архитектура, психология, әскерий, социология, сиясий исламтаныў илимлери [15].

**Жуўмақ.** Анық илимий билимлер ҳәм улыўма илимниң тарийхый раўажланыўы олардың классификациясы ҳаққындағы қыялլардың турақлы өзгериўине алып келеди. Илимий жумыстың раўажланыўы нәтийжесинде илимлердиң өз ара байланыслылығы ҳәм өз ара тәсири түрли принциплер (объектив, субъектив, муўапықластырыў, субординатция ҳәм басқалар), тийкарында ашылып атыр. Илимди классификациялаў принциплерин түсиниў ушын оны сүўретлеў усыллары (схемалар, кестелер, графиклар ҳәм басқалар ) зәрүрли әҳмийетке ийе. Илимди классификациялаў тек ғана саналы искерликти қурайтуғын фактор, бәлки барлық илимлерди саналы түрде объектлерди системаластырыў дәрежесин белгилейтуғын фактор болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Гайденко П.П. Эволюция понятия науки (становление и развитие первых научных программ). –Москва: «Наука»,1980. 504-б .
2. Кохановский В.П. Основы философии науки: учебное пособие для аспирантов 4- баслым. -Ростов н/Д: «Феникс», 2003. 603-б.
3. Сафронов А.А. Селиванов Н.П. История науки и техники Спецкурсы по истории в техническом вузе: Учебно-методическое пособие для преподавателей. Екатеринбург: Уральский политехнический институт им. С.М.Кирова, 1992. –С.4.
4. Абу Абдуллох Хоразмий. Мафатих ал-улум. Литературуный журнал, 1984 № 3. –С.5.
5. Хайруллаев М.М., Бахадиров Р.Ж. Абу Абдаллах Ал-Хорезмий. –Москва: “Наука”. 1988. –С.58.
6. Кедров Б.М. Классификация наук. Кн. 1. –Москва: «Мысль», 1961. –С. 122.
7. Конт О. Дух позитивной философии. СПб, -Питер: 1994. –С. 72.
8. Спенсер Г. Опыты научные, политические и философские. –Москва: Современный литератор, 1998.
9. Толл Ф.Г. редакциясы тийкарында дүзилген сөзлик. В 3 том. СПб., 1863-1866. 180-б.
10. Энциклопедический словарь Брокгауза и Ефрона. СПб., 1897. –С.150.
11. Ойзерман Т.Н. Проблемы историко-философской науки. Изд. 2-е, -Москва: 1982. –С. 56.
12. https://alcdata.narod.ru/encyclopedia/Granat_1909/. Энциклопедический словарь. Гранат. –Москва: 1909. Андрианова Т.В., Ракитов А.И. Философия науки и методология историко-научных исследований С.Тулмина. Вопросы истории естествознания и техники. 1984. № 3. –С. 48-62.
13. Философский энциклопедический словарь. Редкол: С.С.Аверинцев, Э.А.Араб-Оглы, Л.Ф.Ильичев и др. 2-е изд. -М.: Советская энциклопедия, 1989.
14. Ўзбекистон Республикаси Олий таълим, фан ва инновациялар вазирлиги ҳузуридани олий аттестация комиссияси. Бюллетень. 2024 № 1. 2-б.


**РЕЗЮМЕ.** Мақолада, фанни таснифлаш муаммосига эътибор берилган. Бунда асосан классик фалсафада Аристотелдан ҳозирги кунгача юзага келган илмий билимларнинг классификацияси кўриб чиқилган. Фанларни иерархик ва тарихий асосларига кўра таснифлаш, ижтимоий-гуманитар фанларнинг илмий билимлар тизимидаги ўрни масалалари ёртиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**. В статье уделено внимание проблеме классификации науки. При этом в основном рассматривается классификация научных знаний, возникших в классической философии от Аристотеля до наших дней. Освещены вопросы классификации наук по иерархическим и историческим основам, роли социально-гуманитарных наук в системе научных знаний.

**SUMMARY.** The article focuses on the problem of classifying science. At the same time, the classification of scientific knowledge that arose in classical philosophy from Aristotle to our day is mainly considered. The issues of classification of sciences by hierarchical and historical foundations, the role of social and human sciences in the system of scientific knowledge are illuminated.

## 1941-1945-JÍLLARDA QARAQALPAQSTANDA KITAPXANALAR ISINIŃ JAǴDAYÍ

**R.S.Reymbaev –** *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** tashviqot va targ‘ibot ishlari, madaniy-ma’rifiy muassasalar, kutubxonachilik, kitob fondi.

**Ключевые слова:** агитационно-пропагандистская работа, культурно-просветительные учреждения, библиотечное дело, книжный фонд.

**Key words:** agitation and propaganda work, cultural and educational institutions, librarianship, book fund.

**Kirisiw.** 1941-1945-jılları Qaraqalpaqstan kitapxanashılıǵı óz jumısında qıyın dáwirdi basınan keshirdi. Ulıwma alǵanda, barlıq mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń jumısı áskeriy reallıqtıń ajıralmas bólegi edi. Bul tarawdaǵı miynetkeshlerdiń aldına jámiyettiń ruwxıy mobilizaciyasın tezirek támiyinlew, sol arqalı olardı úgit-násiyatlaw mashinasınıń bir bólegine aylandırıw wazıypası qoyılǵan edi.

**Ádebiyatlar analizi.** Ekinshi jáhán urısı jıllarındaǵı Qaraqalpaqstan kitapxanashılıǵı, mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń jumısı, social-ekonomikalıq, siyasiy, áskeriy hám mádeniy qayta qurıw menen baylanıslı bolǵan tariyxıy derekler haqqında S.Abramov, E.Karpova, R.Nazarov, V.Alieva, B.Ibragimova, R.Idrisov, G.Allamuratovtıń hám h.t.b. alımlardıń ilimiy miynetlerinde qunlı maǵlıwmatlar berilgen.

**Tiykarǵı bólim.** Rus ilimpazı E.G.Karpova: "Urıs dáwirindegi mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń kóp qırlı jumısı mámlekettegi ekonomikalıq, siyasiy, áskeriy hám mádeniy qayta qurıwdıń ulıwma wazıypaları menen úzliksiz baylanıslı bolıp, onıń maqseti barlıq kúshlerdi mobilizaciyalawdan ibarat edi. Nacist fashizmdi jeńiw ushın mámlekettiń kúsh hám resursları [1], atamasında urıs dáwirinde puqaralıq hám watansúyiwshilikti bekkemlew boyınsha mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń jumısın jedel rawajlandırıw ushın sharayatlar jaratqan faktorlardıń úsh toparın ajıratıp kórsetedi:

1. Ishki siyasiy: sol dáwir milliy mádeniyatınıń jámiyet sanasına, óz Watanı hám oniń ideyalarına sadıq, joqarı ádep-ikramlılıq principlerine iye shaxstı qáliplestiriwge maqsetli tásiri; front artında hám frontta ruwxıy, siyasiy, puqaralıq birligin bekkemlew, urıs qoyǵan wazıypalardı sheshiw ushin pútkil sovet xalqın birlestiriwdiń sheshiwshi faktorlarınan biri sipatında ideologiyalıq gúrestiń rolin arttırıw.

2. Sırtqı siyasat: tek qarama-qarsı sociallıq sistemalar emes, al pútkil urıs dawamında jawınger áskerlerge joldas bolǵan dúnyaqaraslar, mádeniyatlardıń óli gúrestegi soqlıǵısıwı. Xalqımız fashizm agitasiyasına adamgershilik, joqarı insanıylıq ádep-ikramlılıq penen qarsı shıqtı; Sovet mámleketiniń Ullı Watandarlıq urıstaǵı maqsetlerin, onıń ádalatlı, azatlıq xarakterin dúnya jámiyetshiliginiń sanasına jetkeriw.

3. Áskeriy ózgeshelik: Sovet mámleketi hám Qızıl Armiya sárkardalıǵı tárepinen frontta úgit-násiyatlawdı rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılıp atırǵanlıǵı, onıń watansúyiwshilik, áskeriy hám ruwxıy-aǵartıwshılıq ideyalardı rawajlandırıwdaǵı úlken áhmiyetin ańlaw, xızmetkerlerdi ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalaw; mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń jumısınıń mazmunın, sonday-aq, Ekinshi jáhán urısı awır áskeriy sharayatlarda olardıń kórinis túrlerin sezilerli dárejede ózgertken.

Urıstıń dáslepki kúnlerinen-aq Qaraqalpaqstan mádeniyat mákemeleriniń aldına ámeliy wazıypa qoyıldı – respublikanıń barlıq miynetkeshlerine baslanǵan urıstıń ádalatlı, azatlıq xarakterin, kóp milletli xalıqlar ústinen húkim súrip atırǵan qáwiptiń awırlıǵın túsindiriw. Kitapxanalar hám klub mákemeleri aldına tómendegi wazıypalar qoyıldı:

- xalıqtı urıs frontlarındaǵı jaǵdaydan xabardar etiw;
- urıstıń maqset hám wazıypaların xalıqqa túsindiriw;
- mobilizaciya ilajların ámelge asırıwda járdemlesiw;
- puqaralarǵa áskeriy jaǵdaylarda minez-qulıq tiykarların úyretiw boyınsha dógerekler shólkemlestiriw;
- Sovet málimleme byurosınıń esabatların xalıqqa jetkeriw;
- óndiris tapsırmaların orınlaw hám artıǵı menen orınlaw ushın adamlardı xoshametlewge járdemlesiw;
- mákemelerdiń urıs dáwirinde turmısqa engizilgen jańa miynet qaǵıydalarına ótiwi hám basqalar.

Hújjetlerde kitapxanalardı siyasiy hám áskeriy-qorǵanıw bilimlerin úgit-násiyatlaw oraylarına aylandırıw, olardıń jumısın elimizdiń qorǵanıw qábiletin bekkemlew, frontqa járdem kórsetiwdi shólkemlestiriwdiń turmıslıq máseleleri menen tıǵız baylanıstırıw talap etilgen.

Úgit-násiyatlaw toparlarına tartılǵan kitapxana xızmetkerleriniń aldına tómendegi wazıypalar qoyıldı: miynetkeshlerde watansúyiwshilik sezimin qáliplestiriw; xalqımızdıń qaharmanlıq ótmishi, Qızıl Armiyanıń jawıngerlik háreketleri, front hám front artındaǵı qaharmanlıq kórsetkishleri haqqındaǵı ádebiyatlardı keńnen úgit-násiyatlaw; xalıqtıń áskeriy bilimlerdi iyelewine járdemlesiw, áskeriy-qorǵanıw ádebiyatların tarqatıw; xalıq xojalıǵı hám qorǵanıw sanaatın rawajlandırıwǵa járdemlesiw, xalıqqa jańa óndiris kásiplerin ózlestiriw hám óndirislik qánigeligin arttırıwda hár tárepleme járdem kórsetiw.

Húkimet qararlarına muwapıq awıllıq úgit-násiyatlaw toparlarınıń quramı qayta kórip shıǵılıp, jańalandı. Máselen, Taxtakópir rayonında 1941-1942-jıllarda 39 úgit-násiyat úyleri shólkemlestirilip, olarǵa 247 úgit-násiyatshı, tiykarınan, muǵallimler, mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń xızmetkerleri hám studentler tartılǵan. Tórtkúlde partiya qalalıq komiteti janında qalalıq komitet xızmetkerleri, qala belsendileri, muǵallimlerden ibarat úgit-násiyatlaw topar̄ı shólkemlestirildi. Rayonda jámi 456 úgit-násiyatlawshı jumıs alıp barǵan. Qıpshaq úlkesinde 24 úgit-násiyatlaw punkti, 198 kitap tasıwshı dúzildi. Xojeli rayonında 370 agitatordan ibarat 43 úgit-násiyat úyi shólkemlestirildi [2]. Olardıń arasında tek ǵana hákimshilik xızmetkerleri emes, al muǵallimler, medicina xızmetkerleri, kitapxanashılar, dógerekler, oqıw zallarınıń baslıqları da bar edi. "Hámmesi front ushin, hámmesi jenis ushın!" súreni astında avtonomiyalı respublikanıń mádeniyat, ilim hám bilimlendiriw mákemeleri uris jıllarında jumis isledi [3].

1941-jılı 22-iyulde QQASSR Xalıq Komissarlar Soveti "1941-jıl byudjeti boyınsha kapital qoyılmalar hám artıqsha qárejetlerdi qarjılandırıwdı qısqartıw haqqında" qarar qabıl etti, oǵan muwapıq respublikada kapital qoyılmalar 4940 mıń rublge qısqartıldı. Tiykarınan, Xalıq bilimlendiriw komissarlıǵı (onıń quramına kitapxanalar kirgen), Densawlıqtı saqlaw xalıq komissarlıǵı, kommunal hám úy xojalıǵı bólimi, kórkem óner bólimi hám basqalardıń qarjıları qısqartıldı [4]. Kóp ótpey, mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń kópshiligi jabıldı. Máselen, B.Ibragimovanıń atap ótiwinshe, 1941-jılı QQASSR Xalıq Komissarlar Soveti janındaǵı Ilimiy-izertlew institutı, kitapxanası menen jabılǵan [5]. Respublika Xalıq Komissarları Soveti hám Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komiteti byurosınıń 1942-jıl 25-fevraldaǵı "1941-1942-oqıw jılınıń birinshi yarımında mektepler jumısınıń juwmaqları haqqında"ǵı qararına tiykarlanıp, mektep kitapxanaları da islemegen. Respublika kitapxanası, wálayat oraylarındaǵı kitapxanalar isledi. Rayonlıq kitapxanalardaǵı xızmetkerler sezilerli dárejede qısqartıldı, xızmetkerlerdiń kópshiligi úgit-násiyatlaw oraylarına tartıldı, kitapxanalarda tek ǵana bir xızmetker isledi: máselen, Kegeyli rayonında Xanna Petrkaves (1903-jılı tuwılǵan) rayon kitapxanashısı bolıp islegen [6]. Tórtkúl rayonında urıs basında rayonda 17 kitapxana bolıp, olarda 17 adam islegen, olardıń kópshiligi qánigeler emes edi. Solay etip, arxiv hújjetlerinde Tórtkúl rayonı Leninabad awılındaǵı kitapxananıń awhalı súwretlengen. Kitapxana jumısın kitapxana isi haqqında hesh qanday túsinikke iye bolmaǵan yarım sawatlı hayal Matyakubova basqarǵan. Kitapxana saat 8:00 den 16:30 ǵa shekem isleydi. Kitapxana qarabaxana bólmede edi, bir shkaf, úsh stol hám tórt stul bar edi. Hújjet avtorınıń atap ótiwinshe, bul rayonnıń barlıq kitapxanalarına tán bolǵan.

Qaraqalpaqstan mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń barlıq háreketleri sovet partiya organları qararlarınan kelip

shıǵatuǵın wazıypalardı sheshiwge qaratılǵan edi. Respublika kitapxanası direktorı G.Galyautdinov basshılıǵında keń kólemli siyasiy-ǵalabalıq jumıslar alıp barıldı. Siyasiy, áskeriy-qorǵanıw ádebiyatı hám ata-babalardıń áskeriy dańq tariyxın úgit-násiyatlaytuǵın ádebiyatlar, fashizmge qarsı birden-bir buzılmas kúshti qáliplestiriwge ayrıqsha itibar qaratıldı.

Ekinshi jer júzilik urıs jıllarında turaqlı jumıs alıp barıp atırǵan kitapxanalardan biri Qaraqalpaq mámleketlik muǵallimler institutı kitapxanası edi. Urıstıń birinshi, eń awır jıllarında da institut óz jumısın dawam ettirdi. Institutta 4 fakultet - tariyx, qaraqalpaq tili hám ádebiyatı, rus tili hám ádebiyatı, sonday-aq fizika-matematika fakultetleri bar edi. Institut eń zárúr oqıw quralları menen támiyinlendi. Arnawlı oqıw bólmeleri jumıs isledi, kitap fondı sezilerli dárejede kóbeydi [7]. Respublikalıq oqıtıwshılardıń qánigeligin arttırıw institutı kitapxanası jaqsı kitap fondına iye edi.

Respublika kitapxanalarınıń jáne bir wazıypası front penen tıǵız baylanıslar ornatıw edi. Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komitetiniń 1943-jıl 16-fevraldaǵı "Qaraqalpaq jawıngerlerine mádeniy xızmet kórsetiw haqqında"ǵı arnawlı qararına tiykar, fronttaǵı áskerler ushın kórkem ádebiyat hám basqa da ádebiyatlar, qaraqalpaq tilindegi gazetalar menen úskenelengen kitapxanalar. Qızıl Armiya Bas Siyasiy Basqarması baslıǵına 1200 nusqadaǵı "Qızıl Qaraqalpaqstan" respublikalıq gazetası, 15 qaraqalpaq tilindegi kórkem hám siyasiy ádebiyatlar kitapxanaǵa jiberildi [8].

1944-jılı respublikada 325 mıń kitap fondına iye 132 kitapxana bar edi. Barlıq rayonlarda siyasiy bilimlendiriw inspektorları lawazımları tiklendi, ǵalaba kitapxanalar, járdemshi qızıl shayxanalar tarmaǵı rawajlana basladı. Ulıwma alǵanda, urıstıń awır jıllarında fashist basqınshılarına qarsı góreske eń keń xalıq massasın mobilizaciyalawda kitapxanalarımız, klublarımız áhmiyetli rol atqardı [9].

Urıstıń sońǵı jılında basqa mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleri qatarında kitapxanalardıń wazıypaları da bir qansha ózgerislerge ushıradı. "Sovet Qaraqalpaqstanı" gazetasınıń 1945-jıl 14-oktyabrdegi redaktorlıq maqalasında "Ullı Watandarlıq urıstıń eń awır dáwirlerinde de mámleketimizdiń úlken kúshleri frontqa berilgende de qurılıs jumıslarına ǵamxorlıq etiwdi toqtatpadı, jańa kitapxanalar, klublar, oqıw zalları, mádeniyat úyleri qurıw, xalıq paydalanıwı ushın kitap fondın kóbeytiw, hár bir siyasiy-aǵartıwshılıq mákemesin haqıyqıy nátiyjeli jumıslar orayına aylandırıw haqqında sóz boladı.

1945-jılı barlıq respublikalarda kitapxanalardı mámleketlik dizimnen ótkeriw ámelge asırıldı, bul olardıń tarmaǵınıń haqıyqıy jaǵdayın anıqlaw imkaniyatın berdi. Ulıwma alǵanda, urıstan aldıńǵı dáwirge salıstırǵanda SSSRda ǵalaba kitapxanalar sanı derlik 28 mıńǵa, olardıń kitap fondı bolsa derlik 60 million nusqaǵa arttı. Bul dáwirde Ózbekstanda 1774 kitapxana bolǵan, sonnan 176 sı Qaraqalpaqstanda jumıs alıp barǵan, sonıń ishinde 1 respublikalıq kitapxana, 16 rayonlıq hám qalalıq, 6 awıllıq, 2 balalar kitapxanası, 116 qızıl shayxana hám kitapqumarlıq úyleri hám basqalar.

**Juwmaq.** Qaraqalpaqstan mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń barlıq háreketleri sovet partiya organları qararlarınan kelip shıǵatuǵın wazıypalardı sheshiwge qaratılǵan edi. Siyasiy, áskeriy-qorǵanıw ádebiyatı hám ata-babalardıń áskeriy dańq tariyxın úgit-násiyatlaytuǵın ádebiyatlar, fashizmge qarsı birden-bir buzılmas kúshti qáliplestiriwge ayrıqsha itibar qaratıldı. Respublika kitapxanalarınıń jáne bir wazıypası front penen tıǵız baylanıslar ornatıw edi. Barlıq rayonlarda siyasiy bilimlendiriw inspektorları lawazımları tiklendi, ǵalaba kitapxanalar, járdemshi qızıl shayxanalar tarmaǵı rawajlana basladı. Ulıwma alǵanda, urıstıń awır jıllarında fashist basqınshılarına qarsı góreske eń keń xalıq massasın mobilizaciyalawda kitapxanalarımız, klublarımız áhmiyetli rol atqardı.

Bul materiallardı úyreniw sonı kórsetedi, biz izertlep atırǵan dáwirde Qaraqalpaqstanda mádeniy qurılıs materiallıq-texnikalıq bazanıń tómenligi, qánigelerdiń jetispewshiligi, mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń tiykarsız jaylasqanlıǵı hám basqada birqatar qıyınshılıqlar haqqında sóz etiledi.

## Ádebiyatlar


1. Карпова Е.Г. Культурно-просветительные учреждения Якутии: история, теория, педагогическая деятельность: 1917-1945 гг. Автореф. дисс. к.и.н. – Москва: 2007.
2. QR OMA, P-551-fond., 1-dizim., 5106-is. 47,68,89-b.
3. История Каракалпакской АССР. Том второй. – Ташкент: «Фан», 1974. 242-б.
4. QR OMA, P-322-fond., 1-dizim., 84-is. 36-b.
5. Ибрагимова Б.Ю. Научная библиотека Каракалпакского филиала Академии наук Узбекистана. // ӨзССР ҚҚФ Хабаршысы, 1976, №3. 62-б.
6. QR OMA, 108-fond, 2-dizim., 47-is.
7. /Қызыл Қарақалпақстан, 1942, 5-июнь.
8. Ибрагимова Б.Ю. В едином строю. // «Библиотекарь», 1975, №5. 20-б.
9. / «Советская Каракалпакия», 1945, 14 октябрь.



**REZYUME.** Maqola Qoraqalpog‘istonda vatan urush yillarda kutubxonachilikning shakllanishi va rivojlanish tarixiga bag‘ishlangan. Kutubxonalarni mafkuraviy ishlarning kuchli tayanch nuqtasiga aylantirish maqsadini ko‘zlagan Sovet-partiya organlarining bu boradagi qarorlarining roli qayd etilgan. Qoraqalpog‘iston urush sharoitida kutubxonachilik ishining ahvoli ko‘rsatilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена истории формирования и развития библиотечного дела в Каракалпакстане в годы Великой Отечественной войны. Отмечена роль решений советско-партийных органов, стремившихся превратить библиотеки в опорные точки идеологической работы. Показано состояние библиотечного дела в Каракалпакстане в условиях войны.

**SUMMARY.** The article is dedicated to the history of the formation and development of librarianship in Karakalpakstan during the Great Patriotic War. It highlights the role of decisions made by Soviet party organs, which sought to turn libraries into strongholds of ideological work. The state of librarianship in Karakalpakstan during the war is also depicted.